# ЭССЕ ЖАНРЫНЫҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
matimov0014@mail.ru
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ТЕОРЕТИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ЖАНРАЭССЕ

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE THEORETICAL FOUNDATIONS OF THE ESSAY GENRE

**Matimov Koshkarbay Genjebaevich** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** эссеистика, эссе, эссе назарияси, бадиий адабий эссе, фалсафий эссе, жанрлар трансформацияси, публицистика, очерк, жанр таснифи

**Резюме.** Мақолада эссе жанрининг назарий таърифига, пайдо бўлиши ва шаклланиш босқичларига таҳлил қилади. Шундай қилиб, мақолада ҳозирги адабиётда барча жанрларда эсселик тафаккур элементларининг сезилиши, поэтик йўналишга айланиши, бу йўналишда узлуксиз трансформация юз бераётганлиги ва насрий асарларнинг эсселашув тенденциясини ўрганиш долзарб масалалардан бирига айланганлиги баён этилади.

**Ключевые слова:** эссеистика, эссе, теория эссе, художественное литературное эссе, философское эссе, трансформация жанров, публицистика, очерк, жанровая классификация

**Резюме.** В статье анализируется теоретическое определение жанра эссе, его возникновение и этапы становления. Таким образом, в статье утверждается, что элементы эссеистского мышления ощущаются во всех жанрах современной литературы, превращаются в поэтическое направление, в этом направлении происходит непрерывная трансформация, и изучение тенденции эссеизма прозаических произведений стало одним из актуальных вопросов.

**Key words:** essays, essay, essay theory, literary essay, philosophical essay, genre transformation, journalism, essay, genre classification

**Summary.** The article analyzes the theoretical definition of the essay genre, its emergence, and stages of formation. Thus, the article states that in contemporary literature, the elements of essayistic thinking are noticeable in all genres, transforming into a poetic direction, a continuous transformation is taking place in this direction, and the study of the trend of essay writing in prose works has become one of the pressing issues.

**Кирисиў**. Ҳәзирги әдебиятта барлық жанрларда эсселик ойлаў элементлериниң сезилиўи, поэтикалық бағдарға айланыўы, улыўма бул бағдарда үзликсиз трансформация жүз берип атырғанлығының гүўасы болып отырмыз. Бундай типологиялық өзгешеликлерге жанрлардағы күнделик, дәреккнама, биографизм, очерк, ашық хат, риторикалық қаратпа сыяқлы элементлерди ҳәм соның менен бирге көркемлик принциплердиң ҳәлсиреўин атап өтиў орынлы. Бул қурамлы бөлимлердиң биреўиниң прозалық шығармада үстинликке ийе болыўы оның эссе формасына өтиўине алып келди. Солай етип, ҳәзирги әдебий процессте прозалық жанрлар (роман, повесть) эсселик қәсийетлерин толық өз ишине сиңирип, «эссе»ниң тәбиятын қабыл еткен деп есаплаймыз. Булай айтыўымыздың мәниси әдебий жанрлардың бүгинги жағдайын объектив таллаўдан келип шығып отыр.

**Әдебиятлар анализи ҳәм метод.** Эссе жанрының анықламасы теориялық әдебиятларда ҳәм энциклопедиялық сөзликлер түрлише анализ етиледи. Атап айтқанда «Өзбек тилиниң түсиндирме сөзлигинде эссе (франц. esai – тәжирийбе, шынығыў) әдебий, философиялық, жәмийетлик, публицистикалық ҳәм басқа да темалар шеңберинде жазылған прозалық шығарма» [5:57] – деп анықлама берилген болса «Әдебияттаныў терминлериниң русша-өзбекше түсиндирме сөзлиги»нде «Эссе – лат. exigo – шамалайман, өлшеп көремен сөзлеринен алынған, еркин композицияға ийе, жеке темаларда, жеке пикирлеў ҳәм көзқарасларды сәўлелендириўши көлеми үлкен болмаған шығарма» [1:370-371] – деп тәрийпленеди. «Эссе – (франц. essai – үйрениў, сынаў, очерк) еркин композициялы, онша үлкен болмаған прозалық жанр. Эссе арқалы предмет ҳәм ҳәдийселерге яки жеке шахсқа тән субъектив пикир баян етиледи» [6:268]. Эссе әдебий, философиялық, тарийхый, биографиялық, публицистикалық, диний ҳәм әдебий-критикалық, илимий-ғалабалық ямаса беллетристикалық мазмунға ийе болған прозалық дөретпе болып, онда тек ғана көркем әдебият пенен шекленип қалмастан, барлық илимлер, тәбият ҳәм жәмийеттиң түрли қубылысларына тийисли болған ўақыялар қәлемге алынады.

Эсседе қандай да бир тарийхы ўақыя яки заманагөй машқалалар еркин пикирлеў тийкарында баян етиледи. Онда автордың индивидуал анализи тийкарғы орын ийелейди. Эсседе автордың жеке бақлаўлары ҳәм ой-пикирлери баслы ўазыйпаны атқарады. Солай етип, бул жанрда публицистикалық пикирлеў ҳәм жуўмақ тийкарғы орын тутыўы, социаллық әҳмийетке ийе болған факт, ўақыя, машқалаларға бағышланып, жәмийетшилик пикирин оятыўы мүмкин. Бул жанрда илим, сиясат ҳәм әдебияттың уйғынлығы бирлескенлиги себепли онда образ ҳәм образлылық өзине тән қәсийетлерге ийе болады. Сол себепли эсседе илимий, тарийхый, жәмийетлик пикир ҳәм ойлар илимий жумысларға тән усылларда берилиўи мүмкин. Керекли орынларында көркемлеў усыллары, образ ҳәм образ жасаў усылларынан пайдаланылады. Бул сыпаты менен эссе очерк жанрына усап кетеди. Солай етип эс-

седе жол очерки, саяхатнама ҳәм портрет очерклерине тән болған элементлер де ушырайды. Бул жанр бойынша пикир билдирген Ш.Холмирзаев: «Эсседе автордың өзиншелиги – оның дүньяға көзқарасы, пикирлеўи ҳәм сезимлери баҳаланады. Ол еркин жанр, буннан тысқары, ол «размерсиз жанр» [2] – деген еди.

**Талқылаў**. Көпшилик әдебиятаныўшы алымлар эсseниң тәбияты менен жанрлық сыпатларын белгилеўде М.Монтеньниң пикирлерин басшылыққа алады. Эссе сөзиниң мәнисиниң өзи айтып турғанындай, оның сыпатлы белгилери автор тәжирийбелеринде көринеди. Сонлықтан да, инсан баласының мәдениятты үйрениўи менен оны турмысқа енгизиўде, пайдаланыўда жыйнаған тәжирийбеси эссениң тийкарғы үстини бола алады. Изертлеўши Е.П.Зыкова «Монтень дөретиўшилиги қурамалы өтиў дәўирине туўра келди… …эсседе автор образы әтирапында ҳәр қыйлы эмпирикалық фактлер жыйындысы көринеди» – деп «тәжирийбениң» жеке инсан сезими менен ақыл-ойының жыйнақлы уғым екенлигин атап өтеди [7:67]. Бүгинги күнде бул жанрдың көплеген композициялық типлери ҳәм моделлери пайда болып, түрли формаларда раўажланған. Заманагөй әмелиятта эссениң төмендеги типлери ажыратылады:

а) Пикирлеўдиң (көркем тил) типи ҳәм ўазыйпасына қарай, академиялық ҳәм академиялық болмаған;

б) мазмунына қарай, көркем-әдебий, илимий-әдебий, публицистикалық, философиялық, философиялық-ҳуқықый, лингвистикалық, педагогикалық, кинематографиялық, телевизион ҳәм т.б.

в) формасына қарай, рецензия, хат, күнделик, еслеў ҳәм т.б.

г) пикирлеў типине қарай, характеристика, ойлаў, гүрриң.

Әдебий критиканың бүгинги көринисинде эстетикалық өзгериўлерисиз көз алдымызға келтириў қыйын. Әдебий критикалық көзқарастан эссе аңлатыў мәниси, формасы ҳәм бағдарларына қарап көркемлик әдебий эссе, публицистикалық эссе ҳәм әдебий критикалық эссе болып та бөлинеди. Сондай-ақ, ҳәзирги дәўирде эссениң түрли формалары ушырайды: а) әдебий ойлар; б) роман-эссе; в) повесть-эссе; г) мемуар-эссе ҳәм т.б. [4:375]

Эссе бүгинги, өткен ҳәм келешекти шынлық пенен қайта жаңартыўға бағыт алған дереклер, күнделиклер, саяхат жазбалары, биография менен автобиографиялар, мемуаристика, эпостолография сыяқлы лирикалық проза түриндеги жанрларды өзинде жәмлейди. Эссеистикада философиялық уғыныў мотиви шәртли түрде гезлеседи. Философиялық, мемуарлық ҳәм эпостолярлық прозаның күнделик пенен саяхатнаманың, әдебий сын менен публицистиканың әдебиятта аралық форма сыпатында бир қанша органикалық, үйлесимли жанрлық консистенцияға ийе болып, өз ишине естеликлердиң ушқынлары ҳәм бөлшеклери өзине тән характерди жәмлеп ҳәм оны санада қандай көринис тапса, сондай етип еркин сүўретлеў имканиятына ийе.

Эссе өзине өткен заман, бүгинги ҳәм келешекти ҳақыйқатлық пенен қайта тиклеўге қаратылған баянлаўлар, дәреклер, күнделиклер, саяхатнамалар, биографиялар, автобиографиялар сыяқлы лирикалық сырлы проза түриндеги жанрларды толық қамтып алады. Эссеистикада философиялық түсиниў мотиви сөзсиз ушырасады. Эсседе фактографиялық ҳақыйқатлылық, жарқын образ, тымсал, астарлы пикир, айырым авторларда ушырасатуғын ашық ўәсият сыяқлы үлгилер бирлесип кетеди. Егер әдебият «гөнермейтуғын жаңалықлар» болса, эссе – бул ҳеш қашан гөнермейтуғын, сондай-ақ ўақыт ҳәм идеологияға байланыслы болмаған ҳақыйқатты жәриялаў болып табылады. Эссе өзиниң жумбақлылығы ҳәм ҳәр қыйлы формаға ийелиги менен қызықлы жанр. Ол ҳәр қандай системаға ашыўлы қарсылығын саналы түрде көрсетеди. Эсседен жанрлық, структуралық, избе-излилик излеўшилер оның эсседе стихиялы түрде пайда болған мозаика нағыслы гүллер топламы екенлигин көрген болар еди.

Баянлаўдың эссеистикалық стилиниң көркемлилиги тийкарғы шеңберге бирлестирилген. Онда монтажланған салыстырыўлардың пайда болыўы, сәйкес темалардың, мотивлердиң ҳәр қыйлылығы оқыўшыны усы тийкарғы өзектен алжастырыўы мүмкин. Бирақ, эсседе өзек бәрқулла сезилип турады. Эсседеги баянлаўдың өзине тән өзгешелиги, айырым фрагмент үзиндилер, бөлимлер, баплар сырттан қарағанда улыўма бир-бирине ғәрезли емес. Айырым үзиндилер баянлаўларға зыян тийгизбейди, бирақ ол шығарманың нәтийжелилигине кесент етиўи мүмкин. Себеби, олар контексте мазмунға ийе бола алмайды. Оларда бир-бирине байланысы жоқ мотивлер, образлар ҳәм ўақыялар бәрқулла пайда болып турады. Сюжет шеңберине байланыссыз болса да, олар мета дәрежеде системалы емес байланыста бола алады. Бундай жағдайларда оқыўшы көплеген ишки байланысларды өзинше бир шеңберге жәмлеп, олардың тутас мәнисин қурай алады.

Эссе турмыслық мәселелерди жаңаша түсиндирип, адамларды стереотиплерден қутқарып, еркин пикирлеўге, еркинликти сезиниўге ийтермелеген дүнья әдебияты ушын классикаға айланған жанр сыпатында ең алды менен ой-пикирди кесип айтыўдан жырақ болып, еркин пикирлейтуғын адамларға қызықлы болып табылады. Сонлықтан да эссе турпайы дүньядан әпиўайыны, себепсизден себеплини, илимий, философиялық мазмунлық принциплерин аўыстырып, бир қарағанда мүмкин емес сыяқлы байланыс ҳәм пүтинликти жәмлейтуғын философ ҳәм философияның дәстүрий баянлаў түрине айланады. Бизиң пикиримизше, эссе гуманитарлық илим ўәкиллериниң көзқарасларын билдириўдиң белгили түрине айланды. Дүнья әдебиятына нәзер салсақ, Европа ҳәм Америка илимий орталығында эссе материалды усыныў түри сыпатында қәлиплескен.

**Нәтийжелер**. «Эссе» сөзи жанрлық түр белгилериниң жыйындысын билдире отырып, оның еки топары бар екенлиги белгили. Олар таза философиялық эссе ҳәм көркем әдебий эссе. Философиялық ой-пикирлер жыйындығы көркем әдебий эссеге де тән қубылыс болып табылады. Алымлар М.Монтеньниң «Тәжирийбелер»ин илимсиз философия деп атайды [3:54]. М.Монтень өзиниң «Тәжирийбелер» шығармасын жазыў барасында, оны философиялық

шығарма сыпатында жазыўды мақсет етпеген. Бул автордың өзин-өзи ҳәм дүньяны үйрениўге болған умтылысы ҳәм оның нәтийжелерин кең оқыўшы қатламына жанлы, еркин усылда жеткериў болып табылады. Соның ушын да, Мишель Монтеньниң «Тәжирийбелер»и философиялық әдебиятқа усас жазылған шығарма еди. Философиялық эссеге көркем образлылық, метафоралық, философлардың афоризмлери ҳәм аллегориялық пикирлеўге умтылыў сыпаты басым болып келеди. Сондай болса да эссе де эмоционаллық пафос жоқары болады. Философиялық эсседе объектлестирилген образ сыяқлы өзине тән образлар көплеп ушырасады. Бул философиялық эссени аралық жанр сыпатында таныўға алып келеди. Демек, оның көркем өнертаныў, тарийх, тәбияттаныў ҳәм т.б. тараўлар менен шегараласыўына көринеди.

Көркем әдебий эсселерди сапасына қарай классификациялаўдың дәслепки үлгилерин америкалы әдебияттаныўшы Рэймонд М.Алден эссени төмендегише жиклеўди усыныс етеди: 1) Афористикалық; 2) Жеке; 3) Нормал; 4) Критикалық ямаса дидактикалық. [8:506-515] Берилген жиклеўдеги эссениң биринши түрине афоризмлер менен ушырма сөзлер көп ушырасатуғын шығармалар киреди. Екинши ҳәм үшинши түрлерине жеке авторлық позиция басым болып, бул поэзиядағы интим лирикаға жақын келеди. Төртинши түрге эссе әдебий сынға уқсас келеди. Бул классификацияға нәзер аўдарғанымызда оның әпиўайы ҳәм шәртли екенлиги көринеди. Буннан тысқары, автор бул классификацияға қосыў мүкин болған эсселердиң түрлери бар деген пикир билдиреди. Солай етип, афоризмлер менен ушырма сөзлер тек ғана афористикалық эссеге емес, ал улыўма эссеистикаға, дидактикалық ҳәм философиялық сыпат биринши ҳәм екинши түрге де тән болып табылады. Бул мәселеде америкалы изертлеўши Маркус Клейнниң позициясы әҳмийетли көринеди. Ол эссениң еки түрин ажыратып, жеке ҳәм формал деп бөледи. Жеке эссе әпиўайы, көркем аўызеки тилде жазылады. Формал эссе терең ойланып, пуқта, салмақлы ҳәм логикалық усылда жазылады. Маркус Клейн жеке эссеге М.Монтеньниң «Тәжирийбелер»ин, Джозеф Эдисонның ашық ҳәм ықшам эсселерин, Ричард Стилдиң еркин эсселерин киргизеди. Формал эссеге Френсис Болонның (1597) мағлыўматларға толы «эссе»лерин, Джон Мильтонның «Ареополитика»сын (1644) Александр Пауптың эсселерин киргизеди [9:369]. Маркус Клейнниң классификациясын қоллап-қуўатлай отырып, биз өзимизше эссениң бул еки тийкарғы түрин және де айқынластырыў мақсетинде жеке эссени субъектив эссе, формал эссени объектив эссе деп есаплаўды мақул көрдик.

**Жуўмақ.** Эссеист ҳәр қандай сүўретши сыяқлы өзиниң ой-пикир, болжаўларын, өмирбаянлық, турмыслық фактлерди шығармада сәўлелендире алады. Бул бағдарда оған, илимий монографиялық жумыс жазыў ўақтындағыдай оғада көп дәлиллер керек емес. Бул дәлиллер эссеистте белгили бир дәрежеде басқа көплеген фактлерди гуўа тута алатуғындай жуўмаққа ийе болса жетерли. Эсседе айрықша жаңа мағлыўматлар ямаса илимий дәреклер бола бермейди, керисинше, бурыннан бар нәрселер сын елегинен өткериледи. Эссениң көркемлик кеңислигинде парадигматика орын алады. Тиккелей қатнасыў, ашық кейпият, нәсиятгөйлик, ой-пикириниң қубылмалылығы, сюжеттиң кеңейиўи ҳәм автордың гүрриңшил позицияға айланыўына алып келеди.

Улыўма алғанда ҳәзирги әдебиятта барлық жанрларда эсселик ойлаў элементлериниң сезилиўи, поэтикалық бағдарға айланыўы, бул бағдарда үзликсиз трансформация жүз берип атырғанлығының гүўасы болып отырмыз. Бундай типологиялық өзгешеликлерге жанрлардағы күнделик, дәрекнама, биографизм, очерк, ашық хат, риторикалық қаратпа сыяқлы элементлерди ҳәм соның менен бирге көркемлик принциплердиң ҳәлсиреўин атап өтиў орынлы. Бүгинги әдебияттаныў илиминде прозалық шығармалардың эсселесиў тенденциясын үйрениў әҳмийетли мәселелердиң бирине айланбақта.

**Әдебиятлар**


1. Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1983.
2. Холмирзаев Ш. Эссе – эркин ижод. // «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», 2003, №6.
3. Косиков Г. Монтень М. Последний гуманист, или подвижная жизнь истины: Вступительное слово. Опыты. Избранные главы / пер. с фр. – Москва: «Правда», 1991.
4. Назаров Б., Расулов А., Қаҳрамонов Қ., Аҳмедова С. Ўзбек адабий танқидчилиги тарихи. – Тошкент: «Чўлпон» номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2012.
5. Ўзбек тилининг изоҳли луғати. V жилд. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси давлат илмий нашриёти, 2008.
6. Ўзбекистон миллий энциклопедиясы. X жилд. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси давлат илмий нашриёти, 2005.
7. Зыкова Е.П. «Опыты» Монтеня и проблема зарождения эссе. // Филологические наука, 1980, №4.
8. Raymond M. Alden. Essay. The Encyclopedia Americana. In Thirty. – New York: Chicago: by Americana Corporation, 1944. Vol. 10. – P. 506-515.
9. Marcus Klein. Essay. The World Book Encyclopedia. – Chicago; London, Sydney; Toronto: World Book Inc. a Scott Fetzer company, 1994. Vol. 6. – P. 369.